The Shona Herald

Mharidzo Yokuuya Kwake

No. 22 Vakazvipira pakudzidzisa kwavapostori, pakuwadzana, pakumedura chingwa uye napakunyengetera -- Mabasa 2:42 2024

MUPRISTA WEDU MUKURU: NDIJESU

NaRich Carmicheal

"Naizvozvo, hama tsvene, vagovani neni pakudanwa kunobva kudenga, isai pfungwa dzenyu pana Jesu, Kristu Mupositori ***nomuprista mukuru*** *uyo watinopupura nezvake"* (Hebheru 3:1).

"Naizvozvo anogona kuponesa zvizere vaya vanouya kuna Mwari kubudikidza naye, nokuti ***anorarama nokusingaperi achivanyengeterera****"* (Hebheru 7:25).

"Asi mauya pagomo reZioni, Jerusarema rokudenga paguta raMwari mupenyu. Mauya kuzviuru nezviuru zvavatumwa vari paungano yomufaro, kuKereke yamatangwe, vane mazita akanyorwa kudenga. Mauya kuna Mwari mutongi wavanhu vose, kumweya yavanhu vakarurama vakakwaniswa. Mauya kuna Jesu murevereri wesungano itsva, uye kuropa rakasaswa ***rinotaura zviri nani pane raAbheri****..."* (Hebheru 12:22-24).

Makomborero makuru sei muupenyu hwedu savatendi kugara tachifunganya nokutaridzisa ndangariro dzedu panaJesu Kristu Muprista wedu Mukuru! Hazvinei kuti tiri pachinzvimbo chakaita sei, takasimba here kana kuti takaneta, tiri kusimudzirwa here kana kuti tiri kudzoredzerwa shure. Hazvinei kuti tirimumufaro here kana kusuwa, tirimuutere here kana kuti tiri vatano, tinawana here kana kuti tiri varombo, tiri vakundi here kana kuti tirikukurirwa panguva iyoyo. Tingasimudzirwa zvikuru kana tikatendeutsira ndangariro nehana dzedu kuna Jesu Kristu Muprista wedu Mukuru! Ndiye simba redu, kurudziro yedu, mufaro wedu, utano hwedu, upfumi hwedu, kukunda kwedu, ruponiso rwedu, nezvimwewo zvakadaro. Savatendi zvakafanira zvikuru kuti tigare takataridza mindangariro yedu panaJesu Kristu [Mwanakomana waMwari mupenyu.].

"Naizvozvo nesuwo, zvatakakomberedzwa negore rezvapupu rakakura rikadai, ngatibvisei zvose zvinotiremedza nechivi chinongotinamatira nyore, uye ngatimhanyei nokutsungirira nhangemutange yatakaisirwa. Tichitarira kuna Jesu muvambi nomukwanisi wokutenda kwedu" (Hebheru 12:1-2). Rega ndikukoke nhasi, hama kuti timbotarisisa kuzvokwadi zvinotevera pamusoro paJesu Kristu, zvokwadi inokohomekedzeswa nomunyori kuvaHebheru: [Zvokwadi yokuti] Jesu ndiye Muprista wedu Mukuru. Mukuedza kutibatsira kubatisisa chokwadi ichi chaJesu Muprista wedu Mukuru, munyori kuvaHebheru anonyurura mifananidzo nemisiyano pakati paJesu navaprista, [kusanganisira navapamusorosoro] vomuchitenderano chakare. Mumuenzaniso mumwe nomumwe munyori anonongedzera kuhukuru hwaJesu somuprista mukuru kupfuura vose vaprista vakare.

Jesu Munzvimbo Tsvene-Tsvene

Imbofunga somuenzaniso, mabasa aive akatarisana nemipiro pazuva roKuyananisa. Pamwongo webasa romuprista aive akadanirwa iri basa, kwaive kupa mipiro yokuyananisa pazvivi zvavanhu. Ushumiri uhwu hwaivapo gore roga roga, (verenga Revhi 16) apo muprista aibvumirwa naMwari kupinda Munzvimbo Tsvene-tsvene, mutemberi, achinozviyananisa iye pachake nevemhuri yakwake uye nevanhu vaMwari. Iye oga ndiye aibvumirwa chete kupinda Munzvimbo Tsvene-tsvene uye kamwe chete pagore, uye izvi aizviita mushure mukutevera miga negadziriro yokuzvishambidza sokureva kwaMwari [pasina izvozvo aingangofa pakupinda Munzvimbo Tsvene-tsvene].

Munyori kuvaHebheru anonongedzera kuti Jesu, savaprista vapamusoro vakare, akapinda Munzvimbo Tsvene-tsvene kunotiyananisa naMwari pazvivi zvedu. Asika pane misayano yakakosha pakati peUshumiri hwake nohwovaprista vakare.

Misiyano iyi inosanganisira zvinotevera:

◆ Apo vaprista vakare vaipinda panzvimbo tsvene yakagadzirwa, asi yaive ichingova mufananidzo chete waiyo chaiyo, Jesu haana kupinda mutembere yakaitwa namaoko avanhu, asi kuti akapinda kudenga chaiko, achitiendera pamberi paMwari (9:24). Uye haana kupinda kudenga kuti azviite chibayiro kakawanda, somuprista mukuru wakare ainopinda muNzvimbo Tsvene-tsvene, gore negore, neropa risiri rake. Izvi zvinoreva kuti tino muprista mukuru, akagara kurudyi rwechigaro chaIshe kudenga, uye anoshumira muimba tsvene, iyo Tabhenekari chaiyo iyo yakamiswa naIshe kwete navanhu (8:2).

◆Apo vamwe vaprista vaipinda Munzvimbo Tsvene-tsvene vakaputirwa neutsi hwezvinonhuhwira huchifukidza chigaro chenyasha pamusoro peChipupuro (Revhi 16:13),

(Inoenderera Mberi Papeji 2)

(Kubva Papeji 1)
Jesu, soMwanakomana waMwari akatiendera muuvepo hwaBaba iye pachake (Hebheru 9:24; 10:9).

◆ Vamwe vaprista vaiva vatadziwo, vaitanga vazviyananisa ivo zvivi zvavo naMwari vasati vapinda Munzvimbo Tsvene-tsvene. Naizvozvo vaipinda Munzvimbo Tsvene vane ropa kwete ravo – asi remhuru [raimirira zvivi zvavo], nerembudzi [raimirira zvivi zvavanhu]. Asi Jesu, nokuda kwokuti aive asina chivi haana kupa mupiro wezvivi zvake. Akazvipa asina chaangapomerwa kuna Mwari-Muviri wake uye neropa rake risina charingapomerwa (9:14). Akapinda Munzvimbo Tsvene-tsvene neropa rake kuti aparadze chivi nokuzviita chibayiro iye pachake! (O Haleluya!)

◆ Kanapo vamwe vaprista vaipinda Munzvimbo Tsvene-tsvene kamwe chete pagore (9:25), Jesu *"akaonekwa kamwe chete"* pamagumo enyika kuti aparadze chivi nokusingaperi (9:26; 7:27). Mupiro wake wakava kamwe chete nokusingaperi!

◆ Kanapo ropa remhuka dzaipirwa navaprista raive nesimba shoma rokuyananisa uye richiita kuti vanatswe panyama, zvaive zvakaoma zvikuru kuti ropa remhuka idzi ribvise zvivi zvavo nokusingaperi. Vanhu vairamba vachinzwa huremu hwezvivi zvavo uye nokuzvitongesa kwezvivi. Mipiro yaipiwa gore negore yaitova muyeuchidzo wezvivi zvavo (10:1-3). Asi ropa rinoshamisa raJesu Kristu Muprista wedu Mukuru! rine simba rose rokutidzikinura kubva kuzvivi zvedu, nokutichenesa mifungo yedu kubva kuzvivi (9:14-15).

Hukuru HwaJesu Somuprista

Munyori kuvaHebheru anogoveranawo nesu, kufanana nemisiyano pakati pavaprista naJesu izvo zvinokwanisa kupfumisa zivo neukama hwedu nouyu Muprista mukuru. Zvimwe zvacho ndezvizvi:

◆ Jesu soMuprista Mukuru akasarudzwa kubva pakati pavanhu sokusarudzwa kwavaprista vakare (5:1). Aive munhu wakazara, akaitwa *"sahama dzake nenzira yose kuitira kuti agova muprista mukuru ane tsitsi uye akatendeka muushumiri kunaMwari uye kuti ayananise vanhu nokuda kwezvivi zvavo"* (2:17). Akatambudzika paakaedzwa, uye akadzidza kuteerera kubva pakutambudzika kwake (5:8). Asi savaprista vakare, Jesu haana chvi. Iye *"mutsvene, asina chaanopomerwa, asina kusvibiswa, akatsaurwa kubva kuvatadzi akasimudzirwa pamusoro pamatenga"* (7:26). Apo vaprista vakare vaive vakaneta, iye *"akakwaniswa nokusingaperi"* (7:28).

◆ Kwakava nomutorododo wavaprista nemhaka yokuti rufu rwakavatadzisa kupfuurira mberi savashumiri. Asika Jesu anogona kuti ponesa zvakazara kana tikauya kuna Mwari kubudikidza naye nokuti *"anorarama nokusingaperi achivanyengeterera"* (7:25). Kusiyana navaprista vakare vaibva murudzi rwRevhi, Jesu ndowo rudzi rwaJudha, rudzi rusina kumbobvira rwashumira paaritari. Akauya somuprista ari worudzi rwaMerikizedhiki asiri worudzi rwaAroni (Aroni aive werudzi rwaRevhi).

Pane zvakakosha pamusoro paMerikizedheki: 1) Anoramba ari muprista nokusingaperi – naJesuwo anoramba ari muprista nokusingaperi (7:3); 2)SaMerikizedheki, Jesu muprista naishe (7:1-2); uye 3) Uprista hwaJesu hukurusa kunohwaAroni worudzi rwaRevhi. Izvi zvinooneka kana tichitora chiga chokuti muduku anoropafadzwa noakamupfuura paukuru. Sezvo Abhurahamu akaropafadzwa naMerikizedheki, iye ndiye anoonekwa somukuru. Uye sezvo Revhi aizouya murudzi rwaAbhurahama, Merikizedhiki mukuru kuna Revhi. Naizvozvo sezvo Jesu aizouya murudzi rwaMerikizedhiki, uprista hwake hukuru pane verudzi rwaRevhi (7:4-10).

◆ Apo vaprista vakare, kusanganisira naiye Aroni, vaisavimbika muukama nebasa ravo kunaMwari, Jesu *"muprista mukuru ane tsitsi uye akatendeka muushumiri kunaMwari"* (2:17) uye *"akatendeka somwanakomana pamusoro peimba yaMwari"* (3:6).

◆ Savaprista vakare, Jesu akapiwa uprista naMwari. Asiwo Jesu havasiri munhu chete, Mwanakomana waMwari wakazara. Havasiri munhu wakazara chete asiwo ndiMwari vakazara. *"Ndiye chadzera chokubwinya kwaMwari uye ndiye mufananidzo wake chaiwo anochengeta zvinhu zvose neshoko rake rine simba"* (1:3).

◆ Vamwe vaiva vaprista pasina mhiko, asi Jesu vakave muprista zvine mhiko. *"Ishe akapika uye haangashanduri murangariro wake: Iwe uri muprista nokusingaperi"* (7:21). Nokuda kwechisimbiso cheshoko nechivimbiso chake Jesu Muprista uye achava Muprista nokusingaperi.

◆ Kanapo vamwe vaprista vaimira nguva yose vachipa mipiro yakafanana, Jesu vakapira nokusingaperi mupiro mumwe chete uye vakanogara kurudyi rwaBaba (10:12).

Mharidzo Yokuuya Kwake imagazini rinotsikiswa nguva iri ipi zvayo pagore zvichienderana nokupihwa kwatinenge taitwa rubatsiro naMwari uye nevanotitsigira muzvipo neminamato. Rinopihwa pachena kuna ani naani anenge arikumbira kubva kune **veGospel Revivals Inc**. avo vanotsikisazve magazine rechirungu rinonzi Herald Of His Coming. Kero yavo inoti: P.O. Box 279, Seelyville, IN 47878. U.S.A. Kero yepawebsite: heraldofhiscoming.org

Mukoponori nomupepeti **weMharidzo Yokuuya Kwake:** Godfrey Ndiriwenyu. Ndapota tumirai minamato, zvikumbiro nemanzwi okutenda pakero yedu yomuZimbabwe inoti: 1257 Emganwini, P.O. Nkulumane, Bulawayo, Zimbabwe.
E-meiri: mharidzo4Him@yahoo.com
Nhamba dzembozharunhare ndedzinoti +263 772 929673 DzeLandline +263 292 498041
Nhengo dzevapi vemazano: Pastor Fortune Mate, Inock Siziba, Promise Nyathi, Maxwell Matewe

Pamuchinjikwa vakadanidzira nenzwi guru vachiti, *"Zvapera"* (Johani 19:30). Kuyananiswa kwakavapo! Munyori kuvaHebheru onokhomedzesa izvi nokutirangaridza kuti Jesu vari kurudyi rwaMwari kudenga, (1:3; 8:1; 10:12; 12:2). Mupiro wake wakapedza zvose, uye vari kurumbidzwa kudenga panzvimo yakakwirira nokuremekedzwa, kurudyi rwaMwari!

◆ Vamwe vaprista vaive noushumiri, chivi, bvumirano, zvivimbiso uye nezvishuvirowo. Asi munaKristu zvinhu zvose zvave nani; ane ushumiri hwakapfuura hwavo pakunaka, akava rubatso rwesungano inopfuura nokunaka, iyo yakasimbiswa nezvipikirwa zviri nai uyezve ane tariro iri nani.

Pundutso Yatinowana Muprista Ukuru HwaJesu

Patinoisa mudzihana dzedu zvokwadi iyi ine chokuita naJesu muprista wedu mukuru, pane zvikomborero zvatingabata nokukoponora nokutenda muupenyu hwedu.

Hezvinoi zvikomborero zvatinowana:

◆ Muumunhu hwake Jesu akasangana nezvinhu zvatinosangawo nazvo nhasi uno. Nokuda kwaizvozvo, anogona kutinzwira tsitsi pautera hwedu (4:15) uye ane ngoni nenyasha kwatiri (nokuti anoziva kuti tiri ivhu)(2:17; 4:16). Anokwanisa kutibatsira pakuedzwa kwedu uye tinokwanisa kuvimba nenyasha dzake, kuitira kuti tigowana nyasha, tibatsirwe panguva yokushaiwa kwedu (4:16). Tinokwanisa kutendeukira kwaari nguva iri ipi zvayo kuti tiwane rubatsiro.

◆ Tinokwanisa kuwana kurudziro norudekaro nokuti Jesu vanokwanisa kuti ponesa zvakaperera. Pane dzimwe nguva patimbonzwa sokupererwa, apo zvinenge zvakadzvanya. Asi tinokwanisa kushingairira munguva dzakadai tinokuziva kuti uyo akatanga basa iri matiri anokwanisa kuripedza (VaFiripi 1:6). Jesu anochengeta zvinhu zvose neshoko rake rine simba (Hebheru 1:3). Vanokwanisisa kuti batsira nokutichengetedza. Naizvozvo tinokwanisa *"kubatisisa kushinga kwedu uye netariri yatinozvirumbidza pamusoro payo"* (3:6) uye tinokwanisazve *"kubatisisa kuvamba kwokutenda kwedu kusvikira pakuguma"* (3:14). Isu hatiziri vaya vokudzokera shure, uye vanopradzwa, asi tiri vokutenda uye tinoponeswa! (10:39). Jesu ndiye muvambi wokuponeswa kusingaperi kuna vose vanomuteerera uye akanzi naMwari ave muprista mukuru worudzi rwaMerikizedhiki (5:9).

◆ Tinowana kurudziro mukurangarira kuti Jesu vanorarama nokusingaperi uye vachitinyengeterera. Chimwe chikamu cheminyengetero yavo iri pamusoro pedu isu savatendi. Imbofunga munyengetero wavo pana Petro, *"Simoni Simoni, Satani akumbira kuti akuzungure segorosi. Asi ndakunyengeterera, Simoni kuti rutendo rwako rurege kupera. Uye paunenge watendeuka, usimbisewo hama dzako"* (Ruka 22:31-32). Fungisisazve zvakare nezvikamu zveminyengetero pamunyengetero wake pana Johani17, uyo unoonekwa navamwe somunamato wake mukur wouprista: *"Munyengetero wangu hausi wokuti muvabvise panyika asi kuti muvadzivirire pane akaipa. Havasi venyika, seni ndisiri wenyika. Vaitei vatsvene nechokwadi chenyu; shoko renyu ndiro chokwadi. Sezvamakandituma munyika, neniwo ndakavatuma munyika"* (15-18); *"Munyengetero wangu hausi waava voga. Ndinonyengeterererawo neavo vachazotenda kubudikidza nemharidzo yavo, kuti vose vave vamwe, Baba, sezvo imi muri mandiri uye neni ndiri mamuri. Naivowo ngavave matiri kuitira kuti nyika igotenda kuti makandituma. Baba, ndinoda kuti vaya vamakandipa vave neni pandinenge ndiri, uye kuti vaone kubwinya kwangu, kwamakandipa nokuti makandida nyika isati yasikwa"* (vv. 20-21, 24).

Mupositori Pauro vanotirangaridzawo kuti Ishe Jesu vari kurudyi rwaBaba, vachitinyengeterera, uye hakuna chinhu chingatiparadzanisa norudo rwavo. Muzvinhu zvose izvi tiri vakundi nokupfuurisa kubudikidza naiye wakatida. Tinokwanisa kushingairira kusvika kumagumo nokuti Ishe wedu ari kuti nyengeterera!

◆ Sezvo Muprista wedu akavimbika nokutendeka, tinokwanisa kuvimba naye zvakaperera. Vanogara vakangodaro kubva zuro, nhasi kusvika kukusingaperi. Tariro yedu maari haizombonyadziswi. *"Tine tariro iyi sechibatiso choMweya chakasimba chisingazungunuswi. Inopinda mukati mechidzitiro chomutemberi, makapinda Jesu akatitangira isu, akapinda akatimirira. Akava muprista mukuru nokusingaperi worudzi rwaMerikizedhiki"* (6:19-20).

◆ Kubudikidza neropa rake, takasunungurwa kubva musimba rechivi, uye tinokwanisirwa kushumira Mwari. Hatisisri varanda vechivi, asi tinokwanisa kupira muviri yedu seavo vakadzikinurwa kubva murufu kuupenyu. Tave zvisikwa zvitsva muna kristu, tine ruponiso noupenyu hwake zvichishanda matiri. Mutsvene arikutiita nesu tive vatsvene.

◆ Kubudikidza neropa raJesu Kristu, tinokwanisa kuregererwa nokunatswa. Mupositori Johani vanotirangaridza ichi chokwadi kuti *"ropa raJesu Mwanakomana wake, rinotinatsa pazvivi zvose. Kana tichireurura zvivi zvedu, iye akatendeka uye akarurama, uye achatikanganwira zvivi zvedu agotinatsa pakusarurama kwose"* (1 Johani 1:7-9). *"Kana munhu akatadza tine murevereri kuna baba, [iye] Jesu Kristu, uyo akarurama. Ndiye chibayiro chinoyananisira pazvivi zvenyika yose!"* (1 Johani 2:1-2). Jesu vanokwanisa kupedza zvose zvivi zvedu. Kana uri kunetsekana nechivi, unokwanisa kutarira kwavari iye nhasi kuti ugowana kukunda!

◆Naizvozvo, iko zvino tinotsunga kuti tipinde Munzvimbo Tsvene-tsvene neropa raJesu (10:19). Atizarurira nzira kuti tipinde muhuvepo hwaMwari. Kwete kungotizarurira Jesu Kristu nzira chete asi ndiyezve anotitungamira. Tsanangudzo yaAndrew Murray pamusoro pamakomborero okupinda Munzvimbo Tsvene-tsvene, ndiwo andinoona akfanira mukupeta nyaya yedu:

"Hapano [achireva paNzvimbo Tsvene-tsvene] apo uso hwaBaba hunoonekwa, rudo rwake ruchiravirwa. Hapano

apo utsvene hunozarurwa uye mweya uchinzi utore hawo zvose. Apo mupiro worudo, munyengetero nokutenda, zvinonhuhwirira zvomunamato nomukumbiro zvinopiwa [kunashe] musimba rakapfuurisa. Hapano apo kudururwa kwoMweya Mutsvene kunozivikanwa sechidzivadingwi chorwizi rusingapwi, kubva pachigaro chaMwari neGwayana. Hapano apo mweya [womunhu], muhuvepo hwaMwari, unokura kuva chimwe chete naKristu uye kuva chakafanana naye. Apo, muhuumwe naKristu, muminyengetero naye, nesuwo tinosimbiswa kutora chigaro chedu choumiriri pamunyengetero, tine simba munaMwari uye tinokukunda. Apo mweya unosimuka souri pamapapiro egondo, simba richivandudzwa, uye makomborero, simba nerudo zvichipiwa kuva vaprista vaMwari kuti, vaende vanokomborera nyika irere panhoo yorufu. Apo zuva nezuva tinowana kuzodzwa kutsva, musimba tichikwanisa kuenda kunova vadanidziri, zvapupu uye kuva mikana yoruponiso rwaMwari kuvanhu, uye tichiva midimbwa mipenyu iyo ishe vedu, vakakomborerwa, vanogona kuratidza kukunda kwavo kwakazara. O Jesu! Muprista wedu mukuru, uhwu ngahuve hupenyu hwedu kubva nhasi kusvika nariini. (Ane nzeve dzokunzwa ngaanzwe zvinoreva Mweya kumaKereke.)

[Tinotenda munaIshe Jesu Kristu, kuzvarwa kwavo nemhandara Mariya, hupenyu hwavo husina chivi, muzvishamiso neminana yavo, mukuponeswa kunobva murufu rwavo. Kubudikidza neropa ravo, kumuka kwavo kubve kuvakafa, nokukwira kwavo vachinigara kurudyi rwechigaro chaBaba uye mukudzoka kwavozve musimba

MHARIDZO YEKEREKE YOKUTANGA

(Zvidzidzo kubva mubhuku yaMabasa Avapositori)

NaMfundisi Zivai Shoko

Vakazvipira pakudzidzisa kwavapostori napakuwadzana, pakumedura chingwa uye napakunyengetera. Mabasa 2:42

Kaziwai kaziwai vanhu vaMwari. Makadiiko henyu kwamungange muri mose kumativi mana ayo Zimbabwe? Ini zita ndinonzi Mfundisi Zivai Shoko uye ndadzoka zvakare mundima **yeMharidzo Yokuuya Kwake**. Ndapota ndokumbira utange waverenga, nyaya yandinayo pano nhasi, usati wabvarura kana kurasa bepa rawakabata mumaoko ako ikozvino. Ndapota ndapotesa usarirasa. Ndoziva mubvunzo uri pamiromo yevazhinji panyaya dzakadai ndewokuti, “Ko muguta reNazaretha mungabveiwo?” Mhinduro yangu ndeinoti, “Huya uzozvionera wo”

Zvinyorwa zvinotevera ndazvitira kuti zvikubatsire iwe mukunzvera nokunzwisisa Bhaibheri, shoko raMwari zvikuru sei pari panyaya yeIvhangeri yomuchinjikw. Asika tisati tapinda hedu muizvo zvakakosha nokudzama zveshoko raMwari, pane zvikuru zvakakosha zvaunofanira kuziva nokubatisisa somuKristu mwana waMwari.

Chokutanga nechichi: *“Rugwaro rwose rwakafemerwa naMwari, uye runobatsira pakudzidzisa, kurayira, kutsiura nokurairidza mukururama, kuti munhu waMwari akwaniswe kwazvo agadzirirwe mabasa kanaka”.* [2Timoti 3:16, [Johane 1:12; 1 Johane 3:1]. Mukutsigirana neaya mashoko mupositori Petro anoti iye, “munofanira kunzwisisa (chinhu ichi) kuti chiporofita chose chorugwaro hachina kuuya nokungodudzira kwomuporofita pachake oga. Nokuti hakuna chiporofita chakatongouya nokuda kwomunhuwo zvake, asi vanhu vakataura zvaibva kuna Mwari vachisundwa noMweya Mutsvene. [2 Petro 1:20]. Naizvozvo chokwadi chiripo uye chisina ani anopikisa ndechokuti, Bhaibheri, ishoko raMwari, rakatakura, uye rakagukuchira mifungo yaMwari. Mushoko raMwari munotaurwa mashoko ouchenjeri pavanhu vakuru asi kwete uchenjeri hwenyika ino, kana hwavabati venyika ino. Bhaibheri rinotaura nezvouchenjeri hwaMwari hwakavanzika, uchenjeri hwakanga hwakafukidzwa uye hwakatemerwa kubwinya kwedu naMwari nyika isati yavapo. Imwezve tsigiro kumashoko aya tinoiwana kubva mubhuku yaSamueri wechipiri, chitsauko 23:1-4: Aya ndiwo mashoko okupedzisira aDhavhidhi: *“Chirevo chaDhavhidhi mwanakomana waJese, Chirevo chomurume akasimudzirwa noWokumusoro-soro, murume akazodzwa naMwari waJakobho, muimbi wenziyo waIsraeri:* ***“Mweya waJehovha wakataura kubudikidza neni; shoko rake rakanga riri parurimi rwangu. Mwari waIsraeri akataura, Dombo raIsraeri akati kwandiri:*** *‘Kana munhu achitonga vanhu mukururama, kana achitonga mukutya Mwari, akaita sechiedza chamangwanani pakubuda kwezuva mangwanani kusina makore, sokujeka kwezuva shure kwokunaya kwemvura kunomeresa uswa kubva pasi.”* Dhavidha anoti iye, izvo zvaakanyora haasiriye akazvitaura. Mweya waJehovha wakataura kubudikidza naye.

Chechpiri ndechokuti: “Shoko raMwari ibenyu uye rine rose simba. Shoko raMwari rinofema, , rinorarama. Rinocheka uye rinopinza kukunda munondo unocheka kumativi maviri, uye rinobaya kusvikira panoparadzana mwoyo nemweya, namafundo nemwongo uye rinotonga mifungo nendangariro dzomweya” [VaHebheru 4:12]

Chimwezve chandinoda kukukurudzira mudikani wangu ndechichi: Verenga Bhaibheri rako mazuva ose. Shoko raMwari ngarive (chingwa) kudya kwako kwemazuva nemazuva. Sarudza nguva nenzvimbo yakaterama yokutaudzana

naMwari wangu? shoko ravo. Kana zvichibvira, sendeka parutivi nguva nenzvimbo zuva roga-roga yokuverenga nokufungisisa **(meditate)** pamusoro pamashoko aunenge uchiverenga. Nguva yako ichava nepundutso zvikuru [uye uchawana zvizhinji] kana ukazvidzivisa nokuzvidzidzisa kamuitiro ikaka kokutora nguva yokuverenga shoko raMwari. Vachitaura mubhuku yaMateo, Ishe Jesu vanoti ivo, "munhu haangararami nechingwa chete asi neshoko rimwe nerimwe rinobva mumuromo waMwari". [4:4]

Zvairehwa namambo wedu Jesu hama yangu ndezvizvi: kuti munhu anyatsorarama upenyu hwakazara, hwakatsiga, hwakadzikama, uye hunotapira anofanira kuva nokudya kuviri, kwenyama uye nekwopamweya. Kwenyama aiwaka handingatauri zvizhinji nezvakwo: sadza nomukaka, chingwa, putugadzike nezvimufushwa nhai! Asika kunewo kudya kwomweya, kunova iro shoko raMwari. Pane ichozve chaunofanira kubatisisa ipapa hama yangu. Ishe havana kungoti ivo "shoko" chete. Vakati ivo "neshoko rimwe nerimwe rinobva mumuromo waMwari".

Shoko rimwe nerimwe riri muBhaibheri rakakosha uye unofanira kurirava. Vachitaura naJoshua, mwanakomana waNuni, muranda waMozisi, Jehovha vanoti ivo *"chenjerera kuti uteerere mirayiro **"yose"** yawakapiwa naMozisi, muranda wangu; usatsaukira kurudyi kana kuruboshw, kuti ubudirire kwose kwose kwaunoenda".* [Joshua 1:7]. Pavhesi 8 Mwari vanoendererazve mberi vachiti ivo, "Bhuku iri romurairo harifaniri kubva pamuromo wako, fungisisa pamusoro paro siku nesikati, chenjerera kuita zvose zvakanyorwa mariri, uye, ipapo uchabudirira kwazvo". Kumunhu wose zvake ari mukristu shoko raMwari, rakakosha, uye mukristu anofanira kurirava Bhaibheri rose, kwete kungojobora–jobora sezvatinogara tichiita. Chishuwo chaMwari ndechokuti shoko rake tirirave rose sezvariri. Zvine ngozi huru, savanhu vaMwari kungonhonga-nhonga nokunamatidzira mavhesi pose pose mudzimharidzo dzedu. Hongu angavapo mavhesi anopindirana ayo tinofanira kusonedzera mudzimharidzo dzedu. Asi nguva zhinji tinofanira kuva nechokwadi chezvinenge zvichirehwa munyaya yatiri kukoponora nokunamatidzira mavhesi edu.

Kana ndasakura-sakura sezvizvi, regai ndichipinda hangu munyaya yandinayo chino. Hama yangu munaShe nhasi ndati timbotarisisa kuMharidzo nedzidziso yevapositori kubva mubhuku **yeMabasa Avapositori.** Tose ngatitarirei kuti ko mviromviro yeIvhangeri yokutanga yaimboti kudii? Ndechipi chakakosha, icho chaive mwongo kana kuti hoko yeIvhangeri yevapositori vokutanga? Sokutaura kwandamboita pamusoro, zvakakosha kwazvo kuti Kereke yanhasi izvitarire muchiringiriro kuti iwone kuti ichiripo here paIvhengeri yokutanga, Ivhangeri yomuchinjikwa! Hatidaro tarisika here kana kubuda manjanji yeIvhangeri yokutanga?

Vasati vadzokera kumusoro kudenga, uko kwavagere kurudyi rwaBaba, Ishe Jesu vakasiira vadzidzi vavo basa gurusa rokuita. Basa iri raive rokuparidzira simba ravaive vapiwa ivo Ishe Jesu Kristu uye neUmambo hwokudenga. Basa rokuchenjedzavanhu nezvoumambo hwaMwari. Vachitaura pana Mateo 28:19 Ishe vanoti ivo "ndakapiwa masimba ose okudenga napasi. Naizvozvo imi endai munoita vadzidzi kubva kumarudzi ose, muchivabhabhatidza muzita raBaba neroMwanakomana neroMweya Mutsvene, uye muvadzidzise kuchengetedza zvose zvandakakurayirai (nemamwe manzwi izvo ndakakudzidzisai). Ko chiito chaive chakagukuchirwa neiyi Ivhangeri? Yaive Ivhangeri ipi, iyo yakawanikwa yakakosha kufirwa neava varume nevakadzi vokutanga. Vhangeri yaive isinganyadzisi kumira kana kufamba nayo?

Mhinduro tinoiwana mubhuku **reMabasa aMapositori**. Mushure mokugamuchira chipo choMweya Mutsvene, nezuva rePentecosti, vadzidzi vaJesu vakatanga kufamba nekudzidzisa iyoyi Ivhangeri yaIshe Jesu Kristu. Vhangeri yaiti, **Jesu Kristu, ndiye Mambo uye ndiye mudzikinuri kubva muzvivi zvedu** (Jesus is Lord and Savior). Munzwe mupositori Petro achitaura, *"Naizvozvo vaIsraeri vose ngavazive izvi: Jesu uyu, wamakaroverera pamuchinjikwa, Mwari akamuita Ishe naKristu."* Mabasa 2:36. Jesu ndiye vakava muponisi nomudzikinuri kubva muzvivi zvedu. Ivo Jesu anditi vakambenge vataura vachiti ivo, *"Ndini nzira nechokwadi uye noupenyu. Hakuna munhu angauya kuna Baba kana asina kupfuura napandiri."* Johani 14:6. Kuna Timotiyo mupositori Pauro vakambenge vataurawo zvakafanana, *'Nokuti kuna Mwari mumwe chete, nomurevereri mumwe chete pakati paMwari navanhu, ndiye munhu Kristu Jesu. Uyo akazvipa sorudzikinuro kuvanhu vose, uchapupu hwakapiwa panguva yakafanira. Uye nokuda kwechikonzero ichi ndakaitwa muparidzi nomupostori, ndinokuudzai chokwadi, handisi kureva nhema, uye ndiri mudzidzisi wokutenda kwechokwadi kune veDzimwe Ndudzi.* 1 Timoti 2:5-7

Mudikani batisisa mashoko ataurwa naJesu pano. Zvanzi izvo ***hakuna munhu angauya kuna Baba kana asina kupfuura napandiri***. Nemamwe manzwi, nzira kuna Baba takazoiwana: NdiJesu Kristu, Mwanakomana waMwari. Achinyorerawo Kereke yavaEfeso, Pauro anoti, *"Nokuti kubudikidza naye isu tose tinosvika kuna Baba noMweya mumwe chete.* VaEfeso 2:18.

Jesu ndiye suwo kana kuti mukova kuumambo hwaBaba, *"Ndini mukova; ani naani anopinda napandiri achaponeswa. Achapinda agobuda, uye achawana mafuro. Mbavha inongouya kuzoba nokuuraya nokuparadza; ini ndakauya kuti ave noupenyu, uye ave nohwakazara.* Johani 10:9-10. Jesu ndiye mufudzi wakanaka, *"Ndini mufudzi akanaka. Mufudzi akanaka anorasira makwai ake upenyu hwake.* Johani 10:11.

Kubva mumagwaro ose andapa pamusoro, kusanganisirawo nemamwe rufaya, Ivhangeri yatinowana mubhuku yeMabasa Evapositori uye yatiri kuparidza isu **seMharidzo Yokuuya Kwake**, ndeyokuti, Jesu Kristu, ndiye Mwanakomana waMwari Mupenyu. Jesu, vakafa, vakavigwa nezuva retatu vakamuka. Mukutsigira mashoko iwaya mupositori Pauro vanoti *"Zvino hama, ndinoda kukuyeuchidzai*

vhangeri randakakuparidzirai, iro ramakagamuchira uye ramakamira mariri. Nevhangeri irori munoponeswa, kana mukabatirira kwazvo pashoko randakakuparidzirai. Zvimwe makatenda pasina. Nokuti zvandakagamuchira sezvinokosha pakutanga ndizvo zvandakakupaiwo: kuti Kristu akafira zvivi zvedu sezvazvakanyorwa muMagwaro, uye kuti akazviratidza kuna Petro, tevere kuna vane gumi navaviri. Mushure mezvo akazviratidza kuhama dzaipfuura mazana mashanu panguva imwe chete, vazhinji vavo vachiri vapenyu, kunyange zvazvo vamwe vavete. Ipapo akazozviratidza kuna Jakobho, mushure mezvo kuvapostori, uye pakupedzisira akazozviratidza kwandiriwo, sokuna akazvarwa nguva isati yasvika… VaKorinde 15:1-2, 3,5-8

Kana usingavazive Jesu vandiri kutaura nezvavo, mudikani nhasi izuva rako. Gamuchira Jesu nhasi, vave Ishe naMuponisi wako. *"… kana ukapupura nomuromo wako kuti, "Jesu ndiye Ishe" uye ukatenda mumwoyo mako kuti Mwari akamumutsa kubva kuvakafa, uchaponeswa.* VaRoma 10:9. Nhasi shoko rake warinzwa, ndapota usaomesawo mwoyo wako…

KURUDZIRO KUKUROPAFADZA NYIKA YEISRAERI

Mwari vachitaura naAbhurahamu vanoti: "Ndichakuita rudzi rukuru uye ndichakuropafadza; ndichaita kuti zita rako rive guru, uye iwe uchava ropafadzo. Ndicharopafadza vaya vanokuropafadza, uye ani naani anokutuka ndichamutukawo; uye marudzi ose ari panyika acharopafadzwa kubudikidza newe" (Genesis 12:2-3).

Nyengetererai rugare rweJerusarema: "Vanokuda iwe Jerusarema dai vagara zvakanaka. Dai mukati mamasvingo ako maita rugare, nokuchengetedzeka mukati menhare dzako. Nokuda kwehama neshamwari dzangu, ndichati, Rugare ngaruve mukati mako. Nokuda kweimba yaJehovha Mwari wedu, ndichatsvaka kubudirira kwako" (MaPisarema 122:6-9).

"Kana ndikakukanganwa, iwe Jerusarema, ruoko rwangu rworudyi ngarukanganwe unyanzvi hwarwo. Rurimi rwangu ngarunamatire mukanwa mangu kana ndikasakuyeuka, Kana ndikasaita kuti Zioni rive chikonzero changu chikuru chokufara" (MaPisarema 137:5-6).

"Nokuda kweZioni handinganyarari, nokuda kweJerusarema handingarambi ndinyerere, kusvikira kururama kwake kwapenya samambakwedza, noruponeso rwake somwenje unopfuta. Ndudzi dzichaona kururama kwako, uye madzimambo ose achaona kubwinya kwako..." (Isaya 62:1-2).

"Ndakagadza nharirire pamasvingo ako, iwe Jerusarema; havangambonyarari masikati kana usiku. Imi munodana kuna Jehovha, musazorora, uye musamupa zororo kusvikira asimbisa Jerusarema, uye ariita rumbidzo yenyika" (Isaya 62:6-7).

"VeMasedhonia neveAkaya vakafadzwa kuti vagovane navarombo pakati pavatsvene vari muJerusarema. Nokuti vakaona zvakanaka kuti vaite izvi, uye zvirokwazvo vane ngava kuti vavaitire izvi. Nokuti kana veDzimwe Ndudzi vakagovanawo pazvinhu zvoMweya zvavaJudha, vane ngavawo kuvaJudha kuti vagoverane navo pazvinhu zvavo zvenyika ino" (VaRoma 15:26-27).

*(Isu seve**Mharidzo Yokuuya Kwake**: Tinotenda kuti Jehovha Mwari havana kurasa rudzi rwavaIsiraeri. Rudzi rwaIsiraeri ndovakasarudzwa vaMwari uye ruchine chikurusa chokuita muurongwa hwaMwari mukuponesa nyika. Isiraeri ndiye dangwe raMwari saka nanhasi isu savatendi tinofanira kuropafadza nokunyengeterera nyika yaIsiraeri sokureva kweShoko ravo (Genesis 12:2; MaPisarema 122:6).*

MWARI VACHAKUITIRA ZVOSE SOKUVIMBISA KWAVO

(Akaunganidzwa naGodfrey Ndiriwenyu)

Magwaro anotevera aya akanyukurwa kubva muBhaibheri Shoko raMwari, zvine chinangwa chokusimbisa kutenda kwako muzvivimbiso zvaMwari. Bhaibheri shoko raMwari rinoti iro kutenda kunouya nokunzwa, uye kunzwa Shoko raMwari. Kuti kutenda kwako kusimbe nokusimbisisa, ndapota verenga Shoko raMwari nguva dzose. Vachitaura naJosha muranda waMozisi, Jehovha vanoti ivo, *Bhuku iri romurayiro harifaniri kubva pamuromo wako; fungisisa pamusoro paro usiku namasikati, kuti uchenjerere kuita zvose zvakanyorwa mariri uye ipapo uchabudirira kwazvo…* Joshua 1:8. Mukutsinhidzira aya mashoko Jesu vanoti ivo, *"Kwakanyorwa kuchinzi, 'Munhu haararame nechingwa bedzi, asi neshoko rimwe nerimwe rinobva mumuromo waMwari.'* Mateo 4:4. Mubhuku yeMapisarema chitsauko 9, munyori anoti iye, *"Murayiro waJehovha **wakakwana, unomutsiridza mweya.** Zvirevo zvaJehovha **zvakavimbika, zvinopa njere kuna vasina** mano. Zvirevo zvaJehovha **zvakarurama, zvinopa mufaro kumwoyo.** Murayiro waJehovha **unopenya, unopa chiedza kumazi-***

so. *Kutya Jehovha* ***kwakanaka, kunogara nokusingaperi.*** *Zvakatongwa naJehovha* ***ndezvechokwadi uye zvose zvakarurama.*** *Zvinokosha kupfuura goridhe, kupfuura goridhe rakanatswa; zvinotapira kupfuura uchi, kupinda uchi hwabva muzinga.* ***Muranda wenyu anoyambirwa nazvo; pakuzvichengeta pano mubayiro mukuru.*** Mapisarema 19:7-11. Mudikani, heuno udobodobo, uchi nemukaka hwezvivmbiso zvaJehovha muShoko rake. Zvitore izvi zvivimbiso izvinyore pahwendefa yemwoyo wako, uye nokutenda uzviite zvako.

.Naizvozvo zivai kuti Jehovha Mwari wenyu ndiMwari; uye ndiMwari akatendeka anochengeta sungano yake yorudo kusvikira kumarudzi ane chiuru chamarudzi kuna avo vanomuda uye vanochengeta mirayiro yake. Asi vaya vanomuvenga achatsiva pamberi pavo nokuparadza; haachazononoki kutsiva pamberi pavo ivo vaya vanomuvenga... **Dhuteronomi 7:9-10**

Mwari haasi munhu, kuti angareva nhema, uye mwanakomana womunhu kuti ashandure pfungwa dzake. Ko, anotaura akasazviita here? Anovimbisa akasazadzisa here? **Numeri 23:19**

Kana ari Mwari, nzira yake yakakwana; shoko raJehovha harina charingapomerwa. Ndiye nhoo yavose vanovanda maari. Nokuti ndianiko Mwari kunze kwaJehovha? Uye ndianiko Dombo kunze kwaMwari wedu? NdiMwari anondishongedza nesimba uye anokwanisa nzira yangu. Anoita kuti tsoka dzangu dzive setsoka dzenondo; anoita kuti ndigone kumira pakakwirira... **Mapisarema 18:30-33**

Haiwa Jehovha, shoko renyu rinogara nokusingaperi; rinomira rakasimba kudenga denga. Kutendeka kwenyu kunoramba kuripo kusvikira kuzvizvarwa zvose; makasimbisa nyika uye inogara nokusingaperi. Mashoko enyu ose ndeechokwadi; mirayiro yenyu yose yakarurama ndeyokusingaperi…. **Mapisarema 119:89-90, 160**

“Zvino ini ndava kuenda nenzira yenyika yose. Imi munoziva mumwoyo yenyu yose nomumweya yenyu yose, kuti hapana chinhu chimwe pazvose zvakanaka zvakavimbiswa naJehovha Mwari wenyu chakakona. Asi sezvo zvakanaka zvose zvakavimbiswa naJehovha Mwari wenyu zvakaitika, saizvozvo Jehovha achauyisa pamusoro penyu zvakaipa zvose zvaakareva kusvikira akuparadzai panyika iyi yakanaka, yaakakupai. Kana mukaputsa sungano yaJehovha Mwari wenyu, yaakakurayirai, mukandoshumira vamwe vamwari uye mukavapfugamira kutsamwa kwaJehovha kuchakumukirai, mukakurumidza kuparara panyika yakanaka yaakakupai.” **Joshua 23:14-16**

Jehovha ngaarumbidzwe, iye akapa zororo kuvanhu vake Israeri sezvaakavimbisa chaizvoizvo. Hapana kana shoko rimwe chete risina kuitika pazvivimbiso zvose zvakanaka zvaakapa nokumuranda wake Mozisi. Ngaaite kuti mwoyo yedu yose ive yake, kuti tifambe munzira dzake dzose tichichengeta mirayiro, mitemo nezvaakareva izvo zvaakapa madzibaba edu. Zvino mashoko angu aya, andanyengetera pamberi paJehovha, ngaave pedyo naJehovha Mwari wedu masikati nousiku, kuti asimudzire zvinorwirwa nomuranda wake nezvinorwirwa navanhu vake Israeri nezvinenge zvichidiwa zuva nezuva, kuti vanhu vose vapanyika vazive kuti Jehovha ndiMwari, uye kuti hakuna mumwe. **1 Madzimambo 8:56, 58-60**

Ishe haanonoki kuita zvaakavimbisa, sokunonoka kunonzwisiswa navamwe. Ane mwoyo murefu nemi, haadi kuti ani zvake arasike, asi kuti vose vatendeuke. **2 Petro 3:9**

(Abhurahama akatenda…) achinyatsogutsikana kuti Mwari ane simba rokuita zvaakanga avimbisa... **VaRoma 4:21**

Nokuti hazvinei kuti Mwari akativimbisa zvinhu zvizhinji zvakadii, zvose i“Hongu” muna Kristu. Uye kubudikidza naiye tinoti “Ameni” kuti Mwari akudzwe.
2 VaKorinde 1:20

Haiwa, Jehovha ndimi Mwari wangu; ndichakukudzai uye ndicharumbidza zita renyu, nokuti nokutendeka kukuru makaita zvinhu zvinoshamisa, zvinhu zvamakaronga kare kare... **Isaya 25:1**

“Kunyange makomo akazungunuswa, uye zvikomo zvikabviswa, rudo rwangu rusingaperi harungazungunuswi, uye sungano yangu yorugare haingabviswi,” ndizvo zvinotaura Jehovha anokunzwira tsitsi... **Isaya 54:10**

Anorangarira sungano yake nokusingaperi, iro shoko raakarayira, kuchiuru chezvizvarwa, sungano yaakaita naAbhurahama, mhiko yaakapika kuna Isaka. Akaisimbisa kuna Jakobho somutemo, nokuna Israeri sesungano isingaperi achiti, “Ndichapa nyika yeKenani kwauri somugove wenhaka yako.” Haana kutendera munhu kuvadzvinyirira; akatuka madzimambo nokuda kwavo achiti, “Musabata vazodziwa vangu; musaitira vaprofita vangu zvakaipa.” **Mapisarema 105:8-11, 14-15**

Kubva kumabvazuva ndinodana gondo; kubva kunyika iri kure kure ndinodana munhu achazadzisa kuda kwangu. Zvandakareva ndichaita kuti zviitike; zvandakaronga, ndichazviita... Isaya 46:11.

(*Isu seMharidzo Yokuuya Kwake, tinotenda kuti Rugwaro rwose rwakafemerwa naMwari, ndorwechokwadi, runesimba uye ndirwo , ndiyo hoko uye chiga kana kuti shoko rokuguma panyaya dzose dzokutenda.* 2 Timoti 3:16).

ZVATINOTENDA SEMHARIDZO YOUKUUYA KWAKE

1. **Tinotenda** kuti Rugwaro rwose rwakafemerwa naMwari, ndorwechokwadi, runesimba uye ndirwo rune chiga kana shoko rokuguma panyaya dzose dzokutenda. (2 Timoti 3:16).

2. **Tinotenda** kunaMwari mumwe chete uyo anozvirakidza muutatu: Mwari Baba, Mwari Mwanakomana uye Mwari Mweya Mutsvene (Mateo 28:19).

3. **Tinotenda** munaIshe Jesu Kristu, kuzvarwa kwavo nemhandara Mariya, hupenyu hwavo husina chivi, muzvishamiso neminana yavo, mukuponeswa kunobva murufu rwavo, Kubudikidza neropa ravo, kumuka kwavo kubve kuvakafa, nokukwira kwavo vachinogara kurudyi rwechigaro chaBaba uye mukudzoka kwavozve musimba nokubwinya.

4. **Tinotenda** kuti, kuti pave noruponeso kuvakarasika, kuzvarwa patsva noMweya kunofanira uye kwakakosha zvikuru (Johani 3:3-7; 1 VaKorinde 12:3).

5. **Tinotenda** muushumiri hwaMweya Mutsvene nhasi, uyo anozadza nokukwanisira muKristu kuti ararame upenyu hutsvene nokufadza Mwari (VaGaratia 2:20).

6. **Tinotenda** mukumuka kwovakafa, vakarasika vanomukira mukuraswa, vatsvene vachimukirawo kuupenyu husingaperi (Ruka 21:27; Mabasa 1:1-11).

7. **Tinotenda** mukuwadzana pamweya kwevatendi vose munaKristu Jesu (Johani 13:34).

8. **Tinotenda** kuti Mwari havana kurasa rudzi rwavaIsiraeri. Rudzi rwaIsiraeri ndevakasarudzwa vaMwari uye ruchine chikuru chokuita muurongwa hwaMwari mukuponesa nyika, saka nanhasi isu tinofanira kuropafadza nokunyengeterera nyika yaIsiraeri sokureva kweShoko ravo (Genesis 12:2; Pisarema 122:6

ZVARINGANA: WAVE KUNODYA NAMAMBO

Dhavhidhi akabvunza akati, "Ko, kuchine mumwe akasara here weimba yaSauro wandingaitira tsitsi?" Zvino kwakanga kuno muranda weimba yaSauro ainzi Zibha. Vakamudana kuti auye kuna Dhavhidhi, mambo akati kwaari, "Ndiwe Zibha here?" Iye akapindura akati, "Ndini muranda wenyu." Mambo akabvunza akati, "Hakuna mumwe akasara weimba yaSauro wandingaratidza tsitsi dzaMwari here?"

Zibha akapindura mambo akati, "Kuchine mwanakomana waJonatani; akaremara makumbo ose." Mambo akabvunza akati, "Aripiko?" Zibha akapindura akati, "Ari kuimba yaMakiri mwanakomana waAmieri kuRoDhebhari." Saka Mambo Dhavhidhi akarayira kuti andotorwa kubva kuRoDhebhari, pamba paMakiri mwanakomana waAmieri. Zvino Mefibhosheti mwanakomana waJonatani, mwanakomana waSauro akati asvika kuna Dhavhidhi, akawira pasi nechiso chake kuti aratidze rukudzo. Dhavhidhi akati, "Mefibhosheti!"

Iye akapindura akati, "Ndini muranda wenyu." Dhavhidhi akati kwaari, "Usatya hako, nokuti zvirokwazvo ndichakuitira tsitsi nokuda kwababa vako Jonatani. Ndichadzosera kwauri nyika yose yakanga iri yasekuru vako Sauro, uye uchadya patafura yangu nguva dzose."

Mefibhosheti akakotamira pasi akati, "Muranda wenyu chiiko, zvamunorangarira imbwa yakafa yakaita seni?"

Ipapo mambo akadana Zibha, muranda waSauro, akati kwaari, "Ndapa muzukuru wavatenzi vako zvose zvakanga zviri zvaSauro nemhuri yake. Iwe navana vako navaranda vako ndimi muchamurimira minda mugokohwa zvirimwa, kuti muzukuru wavatenzi vako awane zvokudya... Mefibhosheti, muzukuru wavatenzi vako, achadya patafura yangu nguva dzose." Zvino Zibha aiva navanakomana gumi navashanu navaranda makumi maviri. Ipapo Zibha akati kuna mambo, "Muranda wenyu achaita zvose zvamunomurayira kuti aite imi, ishe wangu namambo. Naizvozvo Mefibhosheti akadya patafura yaDhavhidhi somumwe wavanakomana vamambo."

Mefibhosheti akanga ane mwanakomana mudiki ainzi Mika, uye vose veimba yaZibha vakanga vari varanda vaMefibhosheti. Saka Mefibhosheti akagara muJerusarema nokuti aigara achidya patafura yamambo, uye akanga akaremara tsoka dzake dzose.... 2 Sam 9:1-13

Mefibhosheti, nguva yake yokurangarirwa nekununurwa yakange yakwana. Nguva yokusimudzirwa kwerombe kubva muhuruva yakange zvino yasvika. Mwanakomana waJonathani, Mefibhosheti akange ave kunogara zvino nokudya naMambo Dhavita. Tafura rakange rawadzirwa nokugadzirirwa pamberi pavavengi vake. Musoro wake wakange wave kunozodzwa namafuta chamunyurududu saMambo; uku mukombe uchipfachukira. Tsitsi nenyasha zvakange zvave kunomutevera kwoupenyu hwake hwose. Hongu mwanakomana waJonathani akange ave kunondivatiswa hake pamafuro manyoro, achisesedziwa pamvura inozorodza. Akange ave kunofambisiwa panzira dzokururama nokuda kwezita rababa vake Jonathani. Pabatisise ipapa kuti, zvose zvakaitwa nokuda kwezita rababa vake Jonathani.

Hongu upenyu hwakange hwamukuvadza nokumuremadza makumbo ake ose akaguka. Hama dzakamudonhedza pasi tariro ikanyunguduka nokupera. Mwanakomana womunhu akarwadziwa, akachema asika hapana zvazvakabatsira. Pana Mefibhosheti zvechokwadi tariro pakange pasisina. Moto wakange wadzima, mwanakomana womunhu ongomirira zuva rerufu chete. Munzwe achizvitaurira iye pachake, *"Muranda wenyu chiiko, zvamunorangarira imbwa yakafa yakaita seni?"* Nyika naiye pachake yakange yotomuona nokumuita imbwa yakafa.

Mubvunzo wangu kwauri nhasi mudikani ndewokuti, dai wanga uriwe Mefibhosheti wainge wadai kudanwa kuti unodya naMambo patafura rake waizodii? Waizozvitambirawo sei? Nyika iri kukunyenyeredza, ichipfira mate nezvako. Pawafamba napo hapana anoteverera nemhaka yezvauri. Hama neshamwari dzakakudonhedza dzikakuremadza nokukukuvadza, zvikuru sei nezvavakataura nokuita. Mai nababa vako vakakurasirawo kure wave imbwa yakafawo zvayo. Vakoma nehanzvadzi dzako vakakudonhedza ukakuvara zvoupenyu hwose. Mudzimai kana murume wako ave kukunyanya uku achifinyamisa mhino kunyangadzwa nezvauri. Kunyika yavapenyu uri imbwa yakafa.

Mudikani ivhangeri kuna Mefibhosheti ichiri kuparidzirwa nanhasi! Mushure mokukunda kwake Jesu Kristu pamuchinjikwa, Jehovha nhasi varikudanidzira, *"Ko, kuchine mumwe akasara here weimba yomunhu wandingaitira tsitsi nenyasha?"* Mweya Mutsvene kutaura kuno saZibha, ari kutsvaga tsvaga vana Mefibhosheti, vakaita sewe kuti munodya henyu naMambo wemadzimambo. Inzwa zvichataurwa naMambo pauchanosvika pachigaro chavo chokubwinya, *"Usatya hako (zita rako), nokuti zvirokwazvo ndichakuitira tsitsi nokuda kwezita raIshe wako Jesu Kristu. Ndichadzosera kwauri zvose zvawakange wabirwa newakaipa, uye uchadya patafura yangu nguva dzose."* Ishe vari kukuvimbisa kuti vachave mufudzi wako zvakare hapana chauchashaiwa. Kungirozi dzake achapa aya manzwi, *"Ndapa uyu (zita rako) zvose zvakanga zviri zvaJesu Kristu nemhuri yake. Iwe navana vako navaranda vako ndimi muchamurimira minda mugokohwa zvirimwa, kuti muzukuru waAdhamu awane zvokudya... Mefibhosheti, muzukuru wavatenzi vako, achadya patafura yangu nguva dzose."* Zvino Zibha aiva navanakomana gumi navashanu navaranda makumi maviri. Zvoreva izvo kuti Zibha nevana vake, nevashandi vake vakange vave kuzoshandira Mefibhosheti. Newewo ndozvazvichava kwauri kana ukatambira Jesu Christ saIshe noMuponisi wako.

Inzwa zvinotaurwa neShoko raMwari pana Isaiah 55:6-7. *Tsvakai Jehovha achawanikwa: danai kwaari achiri pedyo. Akashata ngaasiye nzira yake, nomunhu akaipa mirangariro yake. Ngaadzokere kuna Jehovha, uye iye achamunzwira ngoni, nokuna Mwari wedu, nokuti achakanganwirwa zvikuru...*

Hama yangu Shoko raMwari wedu rinoti tsvaga Mwari... Neniwo rega ndikukurudzire kuita saizvozvo. Hama yangu tsvaga Mwari, nguva ichiripo! Kana ukavatsvaga, Shoko rinoti iro SaMefibhosheti *uchabuda nomufaro, uye uchafambiswa murugare; makomo nezvikomo zvichapururudza uye zvichaimba rwiyo pamberi penyu, uye miti yose yeminda ichauchira maoko ayo. Pachinzvimbo chomunzwa pachamera muti womupaini, pachinzvimbo chorukato pachamera mumite. Izvi zvichava mukurumbira waJehovha, nechiratidzo chokusingaperi, chisingazoparadzwi...* Isaya 55:11-13.

IVHANGERI YAPETRO KUVAHEDHENI.

(Kubva mubhuku yaMabasa Avapositori, chitsauko 10. Manzwi akakora nekukomberwa bracketed ndeekutsinidzira nekutsokodzera uye akawedzeredzwa nomupepeti)

PaKesaria pakange pano mumwe murume ainzi Koniriasi, uyo aive mukuru wezana weHondo yavaItaria (**a centurion**). Iye nemhuri yake kanapo aive muhedheni (**a gentile**) vakanga vakazvipira uye vaitya Mwari; aipa kwazvo kuna varombo navanoshayiwa uye ainyengetera kuna Jehovha Mwari waIsiraeri nguva dzose (**vedzimwe ndudzi vaive vakatendeukira kuchitendero chechiJudha**). Nerimwe zuva panguva inenge yechitatu masikati Koniriasi akaona chiratidzo (**a vision**). Akanyatsoona mutumwa waMwari, achiuya kwaari akati, "Koniriasi!" Koniriasi akatarira kwaari nokutya, akati, "Chinyiko, Ishe?"

Mutumwa akapindura akati, *"Minyengetero yako nezvipo zvako kuvarombo zvakwira kudenga sechipiriso chechirangaridzo pamberi paMwari.* ***(Mashoko iwaya, mashoko makukutu. Waizviziva here kuti kupa kuvarombo ndeimwe kiye, inokuzarurira matenga)*** *Zvino tuma vanhu kuJopa vandodana murume anonzi Simoni, achinziwo Petro. Ari kugara naSimoni musuki wamatehwe, ane imba iri pedyo negungwa."*

Mutumwa waakanga achitaura naye akati aenda, Koniriasi akadana varanda vake vaviri nomumwe murwi akatendeka uyo aiva mumwe wavachengeti vake (***security guard***). Akavarondedzera zvose zvakanga zvaitika ndokuvatuma kuJopa, kuti *vandodana murume anonzi Simoni, achinziwo Petro, uyo aigara naSimoni musuki wamatehwe, aiva neimba pedyo negungwa."*

Nenguva dzinenge dzamasikati dzezuva raitevera ***(zvoita sekunge yaive yakafanana neyanezuro wacho)***, vachiri parwendo rwavo, uye voswedera pedyo neguta, Petro akakwira pamusoro pedenga reimba kundonyengetera ***(Ndapota nzwisisa kuti dzimba dzavo hadzina kuvakiwa sedzedu kuno. Dzavo dzimba dzaiva neatingati nechirungu, maflat roofing)*** Akanzwa nzara uye akada zvokudya, uye zvokudya zvakati zvichigadzirwa, akaona chiratidzo (***he saw a vision***). Akaona denga razarurwa uye chimwe chinhu chakanga chakaita sejira guru chichiburutswa pasi chakasungwa mativi acho mana. Chakanga chine mhando dzose dzemhuka dzina makumbo mana, pamwe chete neezvinokambaira zvenyika, neshiri dzokudenga. Ipapo inzwi rakati kwaari, "Simuka, Petro. Baya udye."

Petro akapindura akati, "Zvirokwazvo kwete, Ishe! Handina kubvira ndadya chinhu chisina kunaka kana chine tsvina." Inzwi rakataurazve kwaari kechipiri richiti, ***"Usati chinhu chipi zvacho chakanatswa naMwari chine tsvina".*** Izvi zvakaitika katatu kose, pakarepo jira rikadzoserwa kudenga. Petro achiri kushamiswa nezvaireva chiratidzo ichi, varume vakanga vatumwa naKoniriasi vakawana pakanga pane imba yaSimoni uye vakamira pasuo. Vakadanidzira vachibvunza kana pakanga pari ipo paigara Simoni ainziwo Petro. Petro achiri kufunga pamusoro pechiratidzo ichi, Mweya Mutsvene akati kwaari, "Simoni, pane varume vatatu vari kukutsvaka. Saka simuka uburuke uende pasi. Usatya kuenda navo, nokuti ndini ndavatuma." ***(Ukanyatso zvitarisisa, uchaona kuti mubhuku reMabasa Amapositori, Mweya Mutsvene aituma nokutaura. Verengawo Mabasa 8:29; 10:19; 11:12; 13:2; 21:11)***

Petro akaburuka akandoti kuvarume ava, "Ndini wamuri kutsvaka. Mavingeiko?" Varume vaya vakamupindura vakati, "Tabva kuna Koniriasi mukuru wezana. Munhu akarurama uye anotya Mwari, anokudzwa navanhu vose vechiJudha. Mutumwa mutsvene akamuudza kuti akudanei kuti muuye kumba kwake kuti azonzwa zvamuchareva kwaari." Ipapo Petro akakoka varume ava kuti vapinde mumba vave vaenzi vake. Fume mangwana Petro akasimuka pamwe chete navo, uye nedzimwe hama dzokuJopa dzakaendawo naye.

Zuva rakatevera Petro akasvika Kesaria. Koniriasi akanga akavamirira chaizvo uye akanga akokawo hama dzake neshamwari dzake dzepedyo. Petro akati apinda mumba, Koniriasi akamugamuchira uye akawira patsoka dzake achimuremekedza. Asi Petro akaita kuti asimuke akati, "Simuka, ndinongova munhuwo zvangu." ***(Tarira kuzvininipisa kuri muna Simon Petro).***

Achitaura naye, Petro akapinda mumba akawana vanhu vazhinji vakaungana. ***(Vazhinji vevanhu ava vaive vedzime ndudzi, gentiles)*** Akati kwavari, "Imi munozviziva kuti hazvibvumirwi nomurayiro wedu kuti muJudha adyidzane nomuhedheni kana kumushanyira. Asi Mwari andiratidza kuti handifaniri kuti nditi munhu haana kunaka kana kuti ane tsvina. ***(Mumashoko aya Petro anoti rangaridza zvakataurwa kunaJesu nemudzimai wepaSamaria. Johan 4:9 "Mukadzi muSamaria akati kwaari, "Iwe uri muJudha uye ini ndiri muSamaria. Seiko uchikumbira kwandiri mvura yokunwa?" (Nokuti vaJudha havadyidzani navaSamaria.)*** Nokudaro pandakadanwa, ndakabva ndauya ndisingarambi. Regai ndichibvunza hangu kwamuri kuti mandidanireiko?"

Koniriasi akapindura akati, "Mazuva mana apfuura ndakange ndiri mumba mangu ndichinyengetera senguva ino, nenguva yechitatu yamasikati (***tarira kufanana kwenguva***). Pakarepo munhu akanga akapfeka nguo dzinopenya akamira pamberi pangu akati, 'Koniriasi, Mwari anzwa minyengetero yako uye arangarira zvipo zvako kuvarombo. Tumira vanhu kuJopa kuna Simoni anonzi Petro. Mueni mumba maSimoni musuki wamatehwe, anogara pedyo negungwa.' Saka ndakabva ndatumira vanhu kwamuri pakarepo, uye maita zvakanaka zvamauya. Zvino isu tose, vedzimwe ndudzi, tiri pano pamberi paMwari kuti tinzwe kwamuri zvose zvamarayirwa naShe kuti muzotitaurira."

Ipapo Petro akatanga kutaura achiti ***(Mpositori Petro ave kugamuchidza vedzimwe ndudzi Ivhangeri yaJesu Kristu)***, "Zvino ndava kuziva kuti zvirokwazvo Mwari haazi mutsauri wavanhu asi anogamuchira vanhu vanobva kundudzi dzose, ***(pabate ipapo mudikani!)*** ivo vanomutya uye vanoita zvakarurama. Imi munoziva shoko rakatumwa naMwari kuvanhu veIsraeri, achivaudza mashoko akanaka orugare kubudikidza naJesu Kristu, anova Ishe wavose. Munoziva zvakaitika muJudhea yose, kutanga kuGarirea shure kworubhabhatidzo rwakaparidzwa naJohani ***(Mateu 3:11; Mako 1:18; Ruka 3:16; Johane 1:26-34; Mabasa 1:5)***, zvokuti Mwari akazodza sei Jesu Kristu weNazareta noMweya Mutsvene nesimba, uye kuti akapota sei nenyika achiita zvakanaka achiporesa vose vakanga vari pasi pesimba radhiabhori, nokuti Mwari aiva naye. ***(Waizvizivawo here nhai mudikani kuti dhimoni chirwere?)***

"Isu tiri zvapupu zvezvinhu zvose zvaakaita munyika yavaJudha nomuJerusarema. ***(Verengawo 1 Johane 1:1-4; 2 Petro 1:16).*** Vakamuuraya nokumuturika pamuti, asi Mwari akamumutsa kubva kuvakafa nezuva retatu akaita kuti aonekwe. Haana kuonekwa navanhu vose, asi nezvapupu zvakanga zvagara zvasarudzwa naMwari nesu takadya uye tikanwa naye shure kwokumuka kwake kubva kuvakafa. ***(Verengawo Johane 21:1-18).*** Akatirayira kuti tiparidze kuvanhu uye tipupure kuti ndiye akagadzwa naMwari kuti ave mutongi wavapenyu navakafa. Vaprofita vose vanopupura nezvake kuti ani naani anotenda kwaari anogamuchira kanganwiro yezvivi kubudikidza nezita rake." *(Hama yangu iyi*

ndiyo Ivhangeri yaPetro kwatiri iwe neni vedzimwe ndudzi, ***magentiles****: Kuti Jesu ndiye akagadzwa kuti ave mutongi wavapenyu navakafa. Jesu ndiye nzira kuna Baba.* ***Hakuna munhu angauya kuna Baba kana asina kupfuura nokuna Jesu****. 'Nokuti kuna Mwari mumwe chete, nomurevereri mumwe chete pakati paMwari navanhu, ndiye munhu Kristu Jesu. Uyo akazvipa sorudzikinuro kuvanhu vose. Ndiyo nhaka yatakasiirwa nevapositori vokutanga, zvakare ndiyo Ivhangeri yatinofanira kuchengetedza. Ruponeso haruwanikwi kuna ani zvake, nokuti hakuna rimwe zita pasi pedenga rakapiwa kuvanhu ratingaponeswa naro. Mabasa 4:12. Kuna Josefa ngirozi yakambenge yataura aya mashoko, Maria "achava nomwana mukomana wauchazotumidza zita rokuti Jesu nokuti ndiye achaponesa vanhu vake kubva muzvivi zvavo. Mateo 1:21. "... uye kwaari kune dzikinuro izere. Iye pachake achadzikinura Israeri kubva pazvivi zvavo zvose. Mapisarema 130:7-8)*

Petro achiri kutaura mashoko aya, Mweya Mutsvene akauya pamusoro pavose vakanzwa shoko. Vatendi vakadzingiswa vakanga vauya naPetro vakakatyamara nokuti chipo choMweya (Ichi chakave chidhindo pamusoro peIvhangeri yaPetro kuvedzimwe Ndudzi)Mutsvene chakanga chadururirwa kunyange napamusoro pevedzimwe ndudziwo. Nokuti vakavanzwa vachitaura nendimi vachirumbidza Mwari. Ipapo Petro akati, "Pano munhu angadzivisa vanhu ava kuti vabhabhatidzwe nemvura here? Vagamuchira Mweya Mutsvene sezvatakangoitawo isu." Naizvozvo akarayira kuti vabhabhatidzwe muzita raJesu Kristu. Ipapo vakakumbira Petro kuti ambogara navo kwamazuva mashoma."

(Ndiyo Ivhangeri **kuveDzimwe Ndudzi** (gentiles). Ndiyo Ivhangeri kwauri iwe neni mudikani. Pauro oti ndeicho chaive chakavanzika kubva kumashure. *"Chakavanzika ichi ndechokuti, kubudikidza nevhangeri,* ***veDzimwe Ndudzi*** *vava vadyi venhaka pamwe chete navaIsraeri uye vava nhengo pamwe chete dzomuviri mumwe chete, vagovani pamwe chete muchivimbiso chiri muna Kristu Jesu..."* VaEfeso 3:6. *Ago endererazve mberi achiti, Naizvozvo, rangarirai kuti kare imi* ***veDzimwe Ndudzi*** *pakuzvarwa uye muchinzi "vasina kudzingiswa" naavo vaizviti "vakadzingiswa" (uko kunoitwa pamuviri namaoko avanhu), rangarirai kuti panguva iyoyo makanga makaparadzaniswa naKristu, musingaverengwi muzvizvarwa zveIsraeri uye muri vatorwa musungano dzechipikirwa, musina tariro uye musina Mwari munyika. Asi zvino muna Kristu Jesu, imi makanga muri kure kare, makaswededzwa pedyo kubudikidza neropa raKristu...* VaEfeso 2:11-13)

KO WAIZVIZIVA HERE…?

"…**Kuti Bhaibheri** [Shoko raMwari] ndiro bhuku rinotengwa kupfuura mamwe mabhuku ose zvawo uye kuti ndiro bhuku rinoverengwa zvakanyanya kupfuura mamwe mabhuku ose pasi rose?

…Kuti Bhaibheri rinotaurwa nezvaro kupfuura zvimwe zvinyorwa zvose uye ndiro rinonyanya kushanda pamitauro, tsika uye mumirairo yedu kupfuura bhuku ripi zvaro rakadhindiswa pasi pedenga.

Asika kanapo zvakadaro hazvo, vanhu vazhinjisa vanofunga kuti **Bhaibheri** rine mutauro wakaoma zvikuru kuti munhuwo zvake arinzwisise. Vamwewo vanototya, kana vachiona makuriro arakaita Bhaibheri, uyewo vamwe havatarisiri kuona chinhu chingabatsira kubva muBhaibheri pamatambudziko ose zvawo atinosangana nawo savarume navakadzi. Mudikani, imbozvibvunzawo, nhasi, kuti, nemhaka yeiko Bhaibheri rakave nomukurumbira mukuru kudai? Mhinduro ndeyinoti: Nokuti mariri Mwari anotaura nezvematambudziko edu uye anopawo mhinduro kumibvunzo youpenyu.

…Kuti Bhaibheri…. Rakatakura mifungo yaMwari, chimiro chomunhu, nzira yoruponiso, maperero evanotadza uye mufaro wevanotenda. Dzidziso dzaro dzitsvene, mirairo yaro yakakwana, ngano dzara ndedzechokwadi uye mashoko aro haashanduki. Riverenge, uchawana njere, tenda kwariri uchapona, ito zvarinotaura ugova mutsvene. Rine chiedza chokukutungamirira, kudya kunogutsa uye nyaradzo dzinokusimudzira. Munongedzo kuariparwendo, mudonzvo umufambi, munongedzo kumuchairi, monondo kumurwi uye chitenderano kumutendi.

Kuti mariri **Bhaibheri**…Paradhiso inodzorerwa, Denga rinozarurwa uye masuwo eHadhesi anoshaiswa simba. Kristu ndiye musoro wenyaya, rakamisirwa kunaka kwedu uye kukudzwa, nokubwinya, kwaMwari ndiwo magumo aro. Ngarizadze ndangariro, ritonge mwoyo uye ngaritungamire tsoka dzako. Riverenge zvinyoro-nyoro, nguva iri yose uye verenga uchinyengetera.

…Bhaibheri…Mugodhi woupfumi, iparadhiso yokubwinya uye chitubu chokugarisika. Rapihwewe muupenyu nhasi, richazarurwa pazuva rokutongwa uye richarangarirwa nokusingaperi. Rinobatanidzira kutumwa kukuru, richapa mubayiro kune mushandi mukuru uye richapa mhosva kune anochabata nouhuyanga mitsetse yaro inoera.

"Murayiro waJehovha wakakwana unomutsiridza mweya. Zvirevo zvaJehovha zvakavimbika, zvinopa njere kuna vasina mano. Zvirevo zvaJehovha zvakarurama, zvinopa mufaro kumwoyo. Murayiro waJehovha unopenya, unopa chiedza kumaziso. Zvakatongwa naJehovha ndzvechokwadi uye zvose zvakarurama. Zvinokosha kupfuura goridhe, kupfuura goridhe rakanatswa; zvinotapira kupfuura uchi, kubfuura uchi hwabva muzinga. Muranda wenyu anoyambirwa nazvo; pakuzvichengeta pano mubayiro mukuru" [Ps. 19:7-11].

.. Kuti mariri…. Jesu vanoti *"Huyai kwandiri, imi mose makaneta, makaremerwa uye muchawana zororo. Takurai joko rangu, mudzidze kwandiri, nokuti ndiri munyoro uye ndine mwoyo unozvininipisa, uye muchawana zororo*

remweya yenyu" [Mateo 11:28-30] Kuvatsvene vaMwari mupositori Petro akanyorawo achiti, "Kandai pamusoro pake kufunganya kwenyu kwose nokuti anochengeta". [1Petro 5:7]. Kunyange zvazvo Bhaibheri riri bhuku rakare, uye richiita serakaoma, Mharidzo yaro inokosha zvikurusa uye ichiri kenderana nenguva yatiri kurarama. Ndokusaka richiramba riri pamberi pamukurumbira waro. Bhaibheri shoko raMwari, rine manzwi oupenyu, riverenge nhasi mariri uchawana zororo nemhinduro kubva kuna Mwari mumatambudzio ako.

Kana uchitanga kuverenga bhaibheri nhasi, ungangotanga nokuverenga bhuku raMako kana raJohani. Mako anopa nhoroondo youpenyu hwaJesu. Johani anopawo nhoroondo yaJesu, asi namamwe maonero akati siyanei zvishoma navamwe vanyori. Ungangodawo kuzoverenga tsamba kuva Roma, iyo yakanyorwa namupositori Pauro uyo aiva mutungamiri muchiKristu mumazuva okutanga, kana Mabasa, nhoroondo inofadzwa yamazuva okutanga ekereke

payakatanga ichiri diki, uye nezvevanhu vakabatsira kuparadzira nyaya yaJesu nedzidziso yake munyika dzose dzaitongwa navaRoma.

[Kubva muBhaibheri Dzvene, Muchishona Chanhasi, pasi pomusoro unoti "Mashandisiro Ebhaibheri uye neThe Gideons International, New Testament Bible.]

Mharidzo yaJesu mubhuku yaZvakazarurwa…

"Akaropafadzwa" uyo anoverenga mashoko ouporofita uhwu, uye vakaropafadzwa avo vanohunzwa uye vanochengeta pamwoyo yavo zvakanyorwa imomu, nokuti nguva yava pedyo [Zvakazarurwa 1:3].

"Vakaropafadzwa" vakafa vanofira muna She kubva zvino, nokuti vachazororo uye mabasa avo achavatevera [Zvakazarurwa 14:13].

"Akaropafadzwa" uyo anogara akasvinura uye anochengeta nguo dzake, kuti arege kufamba akashama uye afukurwe zvinonyadzisa [Zvakazarurwa 16:15].

"Vakaropafadzwa" avo vano mugove pakumuka kwokutanga. Nokuti Mwari haana kutuma Mwanakomana wake panyika kuti atonge nyika, asi kuti nyika iponeswe kubudikidza naye. Johani 3:17 [Zvakazarurwa 20:6].

"Vakaropafadzwa" avo vanokokwa kuchirairo chokuwana cheGwayana iye akatizve, "Aya mashoko echokwadi aMwari" [Zvakazarurwa 19:9].

"Akaropafadzwa" uyo anochengeta mashoko ouprofita huri mubhuku iri. Tarirai, ndinokurumidza kuuya [Zvakazururwa 22:7].

"Vakaropafadzwa" avo vanosuka nguo dzavo, kuti vave nesimba rokuuya kumuti woupenyu uye vagopinda muguta napasuo [Zvakazarurwa 22:14]

Chivi Nokudzikinurwa

Shoko raMwari rinoti mubayiro wezvivi ndirwo rufu (VaRoma 6:23). Asika chinhu chinofadza ndechokuti Jesu akaripira mhosva iyoyo nokufa kwake pamuchinjikwa; *"namavanga ake takaporeswa"* (Isayo 53:5). Naizvozvo hatichafaniri kuva varanda vechirango chechivi (VaRoma 6:11-14); kano tikareurura zvivi zvedu uye tichigamuchira basa redzikinuro rakaitwa naKristu pamuchinjikwa (Mabasa 2:38-39; VaRoma 10:9-10).

Nhanho Dzoruponiso

1. Bvuma kunaMwari kuti uri mutadzi uye kuti wakafanira rufu. *"Nokuti vose vakatadza uye vakasasvika pakubwinya kwaMwari"* (VaRoma 3:23). *"Nokuti mubayiro wechivi ndirwo rufu"* (VaRoma 6:23).

2. Tendeuka kubva muzvivi, wokumbira ruregerero kubva kuna Mwari. *"Akaipa ngaasiye nzira yake, nomunhu akashata mirangariro yoke…Ngaadzokere kunaJehovha, uye iye achamunzwira ngoni, nokuna Mwari wedu, nokuti achakanganwira"* (Isaya 55:7).

3. Mukutenda *"kuti Kristu akafira zvivi zvedu…kuti akavigwa akomutswa kuvakafo"* (1 Korinde 15:3-4), vimba naKristu soMuponisi wako uye chipupura kuti ndiye mambo woupenyu hwako. *"…Kana ukapupura nomuroma wako kuti Jesu ndiye Ishe uye ukatenda mumwoyo wako kuti Mwari akamumutsa Kubva kuvakafa uchaponeswa"* (VaRoma 10:9).

4. *"Saka zvino, sezvawakagamuchira Kristu Jesu saShe wako, ramba uchifambo maari"* (VaKorose 2:6).